# RUWXIYLIQ–AĞARTIWSHILIQ, TÁLIM- TÁRBIYA ISLERI

Ruwxıylıq hám agartıw isleri boyınsha **2024-2025** oqıw jılı ushın dúzilgen is joba kórip shıǵıldı hám tastıyıqlawga usınıldı. Kafedrada Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq múyeshi shólkemlestirilgen. Kafedrada rejege tiykarlanıp, májilis ótkerilip barıldı. Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq islerdiń barısı talkılanıp barıldı.

4-sentyabr kúni kafedramızǵa 1-paraǵa kelgen talabalarǵa «Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq» isleri boyınsha juwapker Uteniyazova D.K. shólkemlestiriwinde «Ǵarezsizlik oqıwlıqları» seminar sabaǵın ótip, **«Bir bolsaq – bir xalıqpız, birlessek –Watanbız!»»** temasında talabalarǵa túsinik berildi. Maqsetimiz talabalardıń Watanǵa degen súyispenshiligin arttırıw, bayraq, gimn hám gerblerdiń tutatuǵın ornın túsindiriwden ibarat.





1-oktyabr Xalıq aralıq Ustazlar hám múrábbiyler kúni» múnasibeti menen keshe shólkemlestirildi. Kesheni májilis baslıǵı Bazarova S.K. kiris sózi menen ashıp berdi. Ol óz sózinde keshe qatnasıwshıların, kafedra muǵallimlerin búgingi bayram múnásibeti menen qutlıqladı hám búgingi sáne haqqında qısqasha túsinik berip ótti.

Sońınan bayram múnásibeti menen kafedrada QMI rektorı O.A.Ataniyazova tárepinen kóp jıllar dawamında islegen jemisli miynetlerin esapqa alıp kafedramız baslıǵı Bazarova S.K. Ózbekistan Respublikası Den sawlıqtı saqlaw ministirliginiń Alǵısnaması menen xoshametlendi, Bazarova S.K talabalarǵa ilim, bilim sırların úyretiwde úlken tabıslar tilep qalamız. Sonıń menen birge kafedra assistentlerinde ustazlar kúni menen qutlıqladı, hár biriniń miynetlerin, talabalar menen birge islesiwde aktivliklerin, bilim sırların úyretiwde kushlerin ayamastan aynbay xızmetlerin islep kiyatırǵanlıqların aytıp ótpekte.




21-oktyabr ózbek tiliniń mámleketlik status alǵan kúnin belgilep ass. Berdimuratova Z.T. bayanat jasadı hám jaslardı óz ana tiline húrmet penen qarawı kerekligin, ana tiline húrmet óz xalqına húrmet ekenligin túsindirip ótti.







13-noyabr kúni Medicina xızmetkerleriniń kúnin nıshanlaw maqsetinde kafedra aǵzaları hám talabalarına ass. Uteniyazova D. bayanat jasadı.

17-noyabr-Milletler-ara talabalar kúnin belgilep, ustazlar topar talabalarına bir-birlerine degen doslıq sezimleri hám húrmet-izzetti rawajlandırıw boyınsha túsindirip ótti.

18-noyabr “Ózbekstan respublikasınıń mámleketlik bayrağınıń qabıl etilgen kúni”. Májilisti kafedra baslığı Bazarova S.K. kiris sózi menen ashtı hám alıp bardı. Ol óz sózinde 18-noyabr “Ózbekstan respublikasınıń mámleketlik bayrağınıń qabıl etilgen kúni” bayramı menen yağnıy bayrağımızdıń qabıl etilgenine 33 jıl tolıw múnasebeti menen bársheni qutlıqladı hám 1991-jılı óz ğarezsizligimizdi alğanımazdan soń bayrağımızdıń qabıl etilgenligi, kóplegen jetiskenlerimiz haqqında aytıp ótti.

1-dekabr Qaraqalpaq tiline til biyligi berilgenine 35 jil toliwi munasibeti menen “Mangi jasa Ana-tilim” atamasinda otkerilgen is-ilaj.

Májilisti kafedra baslığı Bazarova S. kiris sózi menen ashtı . Ol óz sózinde 1-dekabr Qaraqalpaq tiline til biyligi berilgenine 35 jil toliwi munasibeti menen bársheni qutlıqladı hám 1989-jılı óz biyligin alğanın, kóplegen jetiskenlerimiz haqqında aytıp ótti.





1-dekabr Jer júzlik OITSke qarsı guresiw kúnine bağıshlanıp kafedrada májilis ótkerildi hám kafedra assistenti Berdimuratova Z. bayanat jasap, talaba-jaslar SPID kesselliginiń kelip shığıwı hám onıń aldın alıwı haqqında mağlıwmatlarğa iye boldı.

02-dekabr kúni kafedrada 3-Dekabr «Xalıqaralıq nágiranlar kúni» múnásibeti menen QMI ruwxıylıq bólimi tárepinen berilgen tapsırma tiykarında akciyağa «Akusherlik, ginekologiya hám neonatologiya» kafedrası mádeniyat ministrligi janındağı kózi ázziler respyblikalıq kitapxanasına barıp, tárbiyalanıwshılardıń xalınan xabar alındı. Hámde sawğa sálemler tapsırdı.

8-dekabr “ Ózbekstan Respublikası konstituciyasınıń 32-jıl tolıwına” baylanıslı Májilisti «Akusherlik, ginekologiya hám nenatologiya » kafedrası basliğı Bazarova S kiris sóz benen ashıp berdi. Ol óz sózinde 8-dekabr “ Ózbekstan Respublikasi konstitutsiyasin 32-jil toliwina” baylanisli bayram munasibeti menen bársheni qutlıqladı hámde konstitutsiyanin payda boliw haqqinda hámde ózgerisler haqqinda aytip ótti. Jánede kafedra assistentleri Berdimuratova Z. hám Koshanova A.M.. shiğip soyledi. Konstitutciyada belgilengen bilim aliw hám mediciyna boyinsha tiyisli bolimlerin aytip ótti.

Jánede inistitutımızda bolıp ótken 21- mart «Nawrız bayramına» kafedra professor- oqıtıwshıları ordinatorlar menen birgelikte ásbap-úskene hám milliy kiyim kenshekler menen aktiv qatnastı. Institut kólemindegi bolıp ótken nawrız bayramınınıńn jaqsı kewilli ótiwi ushın hámme kafedra assistentleri óziniń pikirleri ziyrekligi menen aktiv qatnastı. Nawrız bayramına kafedraǵa bekitilgen toparlar óz muzıkalı nomerleri, milliy kiyimleri, ásbap-úskeneleri menen belsene qatnastı.





9-aprel Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyasınıń 32 jıllıǵına baǵıshlap assistent Uteniyazova D.K. bayanatın oqıp esittirdi.

**9-may** "Eslew hám qádirlew kúni" múnásebeti menen **«Hásiretli ana» esteligine** sayaxatqa oqıtıwshı hám talabalar qatnasqanlıǵı ilajların ótkerdi.

18-may–Milletler-ara muzeyler kunine tiykarlanıp kafedra professor oqıtıwshılar topar talabaların «Savitskiy» atındagı muzeyine, I.Yusupov atındaǵı Qaraqalpaqstan mámleketlikj kórkem óner muzeyine alıp barıp, tariyxıy miyraslarımız benen tanıstırıp otti.

31-may – Milletler-ara shegiwge qarsı kúnine tiykarlanıp talaba-jaslar arasında házirgi waqıtta elimizde júz berip atırǵan náshebentliktiń awır aqıbetleri xaqqında túsindiriw jumısları alıp barıldı.

1-iyun Jerjúzlik tábiyattı qorǵaw kúnine tiykarlanıp kafedra aǵzaları topar talabaları menen QMI klinikada emlenip atırǵan balalardıń xalınan xabar alınıp, dári darmaqlar ushın materiallıq járdem, oqıw quralları hám azıq awqat ónimleri alıp barıldi.

6-7 iyun kúnleri Qurban Hayt bayramı múnásebeti menen kafedra baslıǵı S.K.Bazarova kem támiyinlengen, járdemge mútáj xojalıqlarǵa gósh, may, azıqlıq zatlar berildi.

26-iyun – Nashebentlikke qarsı gúres kúnine tiykarlanıp jaslar arasında náshebentlikke qarsı gúres usılların sawbetlesiw arqalı engizildi.

Institutımız tárepinen shólkemlestirilgen Respublikanıń belgili sánelerine baǵıshlanıp ótkerilgen bayram saltanatlarına topar talabaları tolıǵı menen qatnastı. Kafedramızǵa tiyisli toparlar menen Qaraqalpaqstan Respublikası I.V.Savitskiy atındaǵı kórkem óner muzeyine sayaxat shólkemlestirildi.

Sonday-aq talaba jaslar arasında jınayatshılıqtın aldın alıw boyınsha xár bir topar inistitutımızda ótkerilgen Ishki isler xızmetkerleri menen birgelikte jınayatshılıq hám onın aqıbetleri xaqqında sawbetlesiwge tolıq túrde qatnasıp bardı. Órt qawipsizligi aylıǵı, jol háreketi qáwipsizligi aylıǵında usı temalarda sáwbetlesiwler ótkerildi.

Jańa jıl bayramın ótkeriwde kafedra oqıtıwshıları belsene qatnastı hám kafedranı jańa jıl bezewleri menen bezetildi.

Kafedrada turaqlı túrde jaslar arasında náshebentlik, juqpalı kesellikler, xar qıylı diniy aǵımlar qarsı profilaktikalıq isler alıp barıldı.

Abadanlastırıw hám kóklemzarlastırıw jumısların ámelge asırılıwı boyınsha kafedramızǵa tiyisli jer uchastkası átirapın tazalaw hám remontlaw, jerlerdi bosatıw jumısları alıp barıldı hám tuya, mojevelnik,qızıl roza nálleri egildi.

**Ruwxıylıq isleri boyınsha juwapker: Berdimuratova Z.T.**